a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

(fey, sangu, jukki, xët, bunt, caabi)

Tijjil weneen..... ngir mën a tàmbali. Tàmbaleel bind..... bu ndaw. Leegi mën nga.....sa ordinaatëer ak.....

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

- 1.Randalal jinax ji ci biro bi.
- 2.Randalal seetukaay bi ci biro bi.
- 3.Randalal joxoñukaay bi ci biro bi.

V.Ma bind araf wi war : (ë – k- n- s – x – ee)

J....fandi.....ool ye...naa yi jina..... ji su la n.....xee ;

Telewisonj (soreel jis)

XARALA YU BEES YI

TELEWISON (SOREEL JIS)



Telewison jomtukaay yeete bu bari la ci jamono jii nu nekk. Am na jamano , nit ñi rajo lañu daan déglu , di ko yóbbaafe fu ñu jëm . Waaye tey tele tax loolu dellu ginnaaw ndax nattaal bi ñu ci yokk bay tax ñu koy seetaan .

Bu jëkk, tele yi dañu daan rëy, diis gann, tey dañoo woyof toll ñu leen di tudde ekarañ palaa. Fii ci Moritani amna tele bu aju ci nguur gi am yeneeni tele yuy liggéeyal seen bopp. Tele bokk na ci liy tax aw askan yeewu te gindiku ci lu bari ci xibaar yiy am ci biir reewmi ak àddina bi.

I. Laajte nemmeeku:

1. Ndax baatu seetaan mi ngi ci jukki bi?
2. Mottaliil kàddu gii : (Tele bokk na ci liy tax aw)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

1. Lu nit ñi daan déglu lu jiitu tele ?
2. Lan lañu yokk ci rajo ?
3. Luy njariñu tele ?

XARALA YU BEES YI

c. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

rajo

ñi

Nit

déglu

daan

lañu

nguur

aju

tele

gi

ci

bu

bokk

Tele

askan

na

yeewu

ci

tax

liy

aw

III. Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

ekaraj - toll - dañoo - diis -rëy -dañu - jëkk

Bu....., tele yidaangànn, teywoyofñu leen di tudde
.....palaa

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.


1. Tele yi lañu daan déglu ..
2. Tele yi dañu daan woyof .
3. rajo lañu daan déglu .

V. Ma bind araf wi war : a-d -w- k-x - k

Tele bo....k na ci liy ta....aw as...an yee...u te gin....iku ci lu b.....ri

XARALA YU BEES YI

PANO SOLEER



Pano soleer xarala bu bees la bu soppi dundinu dëkki kaw yi ci anam wu yeeme. Pano soleer yi dañuy jële tangaayu jant bi ba noppi soppi ko def ko mběj. Am mběj dafay tax ñi dëkk foofu mēna jëfandikoo seeni jollasu (telefon) , leeral seeni kër ak jëfandikoo jomtukaay mběj yi ñu gēna soxla . Rawatina ci tool yi xarala yu bees yi tax na bay kenn jëfandikoo tul masinu njafaan. Ci gattal, ay peXe yu am solo lañu te mēna yàgg ngir gēna ñoñal dundu waa àll bi . Du ñu yam ci joxe enersi bu wóor, waayé dañuy indi yokkute ci koom yi ak aar wurum bi.

I. Laajte nemmeeku:

- 1.Ndax baatu wurum mi ngi ci jukki bi?
- 2.Mottaliil kàddu gii : (Pano soleer xarala bu bees)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Luy njariñu pano soleer ?
2. Buñu jëlee enersi bi ci jant bi lu ñu kay def ?
3. Pano soleer lu muy indi ? ak lu muy aar?

Xarala yu bees yi

c. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

xarala

bees

Pano soleer

La

bu

solo

ay

yu

pexe

am

la

dañuy

koom

waaye

indi

gi

yokkuté

ci

III. Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

Baaxal -pexe -àllu -mëna

Ci gàttal, ay yu am solo teyàgg ngir gëna ..dundu bi.

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Dañuy indi yokkute ci koom gi...
2. Du indi yokkute ci koom gi.
3. Dafay indi ndool ci koom gi.

V. Ma bind araf wi war : i-ë-x-à-o-a-n-l

Ci g.....ttal, ay pe.....e yu am s.....lo te m.....na yàgg ng.....r gëna ba....xal du.....du à...l bi .



Njóol



Njóol

Njóol

MBAAXU SĚRIÑ

Damay yaatu xol te bari yërmandé.
Damay jukk mbokk te di ko jukkale.
Di diglé lu baax di tere lu bon .
Ku fi réer ma gindi la .
Ku fi juum ma jubbanti la .
Ngir doon royukaay bu ñépp ràññee.
Xa-xam bi ma yor dama koy laabe biir.
Sama ndongo moom dama koy jàngal ba mu xam.
Ngir firndéel te dëggal li ma doon.
Di na ma naw ngir sama njaxlaf.
Di na ma fonk ngir sama fayda.
Di na ma taafantoo ngir sama jom.
Du ma doon waayu xamoon naa ko.
Wante waayu waxoon naa ko.

Ibnu ndaw

YAXANTUKAT BI



Amet moo yor bitig bi gën a rëy ci sunu pegg . Mu ngi nekk ca catu mbedd mu mag mi jàkkaarloo ak jàkk ju mag ji. Dafay ubbi bés bu ne ci suba ba fukki waxtu ci guddi. Njaay yu wuute nga fay fekk. Ca ndeyjoor ja, ci suuf, lañu tegale ay saaku yu def lépp luy dund, lu deme ne ceeb, dugub, ñebbe, pombiteer, soble... Ca càmmooñ ja, ci kow tegu bi, am na fa benn nattukaay ak ay poo. Am na sax yu tegu ci suuf.Mën nañu faa jënd sax ay kàrtu telefon . Amet, du moom rekk moo nekk ca bitig ba di jaay, jël na ku jub ku koy jàppale ci liggeey bi.

I. Laajte nemmeeku:

- 1.Woneel baatu ndeyjoor ak càmmooñ ci jukki bi
- 2.Mottaliil kàddu gii : (Njaay yu wuute)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Kan moo yor bitigu koñ bi ?
2. Lan la saaku yu nekk ci ndeyjoor bi def ?
3. Ndax Amet rekk moo nekk ca bitig ba di jaay ?

c. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

fay	nga	wuute	yu
Njaay	fekk	ubbi	bu
Dafay	bés	ne	yor
bi	bitig	moo	Amet

a. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

(Amet , rekk , bitig , jaay – jub- jàppale – bi

....., du moom moo nekk ca ba di..... Jël na ku
.....ku koy ci liggeey.....

b. Ma tànn


Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

- 1.Amet, ak màggam ñoo nekk ca bitig ba di jaay..
- 2.Amet, du moom rekk moo nekk ca bitig ba di jaay..
- 3.Amet, moom rekk moo nekk ca bitig ba di jaay..

Ma bind araf wi war :

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali seen bitigu koñ nu mu mel .

JÀNGALEKAT BI



Jàngalekat bi dafa mel ni ab njiit bu nuy won yoonu xam-xam. Bés bu nekk daf nuy jàngal mbir yu bees ak xam àdduna bi nu wër. Dafa nuy jàngal itam muñ ak mbaax, di tontu sunuy laaj ba noppi di nu ñaax ngir nu gëna jàng. Jàngalekat bi moo tax nu mën dawal, bind, lim ak xalaatal sunu bopp. Dina ñu jàngal itam njariñu jox nit cër, séddoo ak liggéeyandoo ci kuréel. Jàngalekat bi jàmmbaar dëgg la. Daf nuy jox caabi yi nuy ubee bépp buntu xam-xam, ba noppi waajal nu nekk mag ñu am fulla ak fayda. Dañu koy gërëm ci lépp li mu ñu defal.

I. Laajte nemmeeku:

1. Ndax baatu xam-xam mi ngi ci jukki bi?
2. Mottaliil kàddu gii : (jàngalekat bi moo tax)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Lan mooy njariñu jàngalekat bi?
2. Ak lan luñuy méngalee ak jàngalekat?
3. Lan lanu jàngalekat bi di jox?
4. Lan lañuy jàngal bés bu nekk?

c. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

bi

ni

dafa

Jàngalekat

mel

ngiit

ab

caabi

yi

jox

nuy

Daf

Dañu

lépp

gërëm

koy

ci

a. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

nit - jàngal -dina – njariñu- séddoo- kuréel.

..... ñu itam jox cër, ak lig-
géeyandoo ci

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Jàngalekat bi moo ñuy waajal nu dem tukki.
2. Jàngalekat bi moo ñuy jox liggéey. .
3. Jàngalekat bi moo ñuy waajal nu nekk mag ñu am fulla ak fàйда.

IV. Ma bind:

Bindal genn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali seen jàngalekat nu mu mel.

ÑAWKAT BI



Ci benn ci peggi Nuwaksoot am na fa bérébu ñawekaay bu yam waaye bu bare dugg ak génn. Foofu la Dabaax, di ñawkat bu siiw te xareñ di jëfëndikoo we aar bi di ñaw ak cofeel gu mat sèkk. Béréb bii dafa fees dell ak ay ndimo yu yànj ak nataali cosaan, ñu mën ko soppi ay ñaw yu rafet.

Dabaax mingi jàng liggéeyam bi mu gënee nekk ndaw . Bépp mbubb bu jaar ci loxoom dañu koy ràññee bu baax, ndax ni mu ci sargale aada ak cosaan, sos yéré yuy nettali taarix bu bari te wuute bu Moritani.

Dabaax du ñaw rekk lay def, dafay jàngal itam xale yi ci dëkkam, di leen jàngal ni ñuy ñawe, ak njariñu muñ, baña xàddi ak liggéey bu baax

I. Laajte nemmeeku:

1. Woneel baatu aada ak cosaan ci jukki bi.
2. Mottaliil kàddu gii : (Dabaax mu ngi jàng liggéeyam)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Fan la bérébu ñawekaay bi nekk ?
2. Kan moo fay ñawe ?
3. Ndax ñaw rekk lay def ?
4. Ak leneen lan lay def?

c. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

Nuwaksot	Ci	goxu	ci
benn	mbubb	bu	loxoom
ci	jaar	Bépp	ñaw
du	def	Dabaax	lay
rekk			

a. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

rafet - nataali - yànj- ndimo - bii – fees – soppi

Bérabdafadell ak ayyuakcosaan,
ñu mën koay ñaw yu.....

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

- 1.Dabaax du ñaw rekk lay def.
- 2.Dabaax ñaw rekk lay def
- 3.Dabaax du ñawkat bu xareñ

IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrdubaas, nettali benn ñawkat boo xàmm

LAKK-KATU MBURU



Mbay dafa dëkkoon ci benn dëkk bu ñuy woowe Jëkk, lakk-katu mburu bu mag la woon. Suba su nekk, bu njël masaan jot, dafay yeewu defaral waa dëkk bi mburu yu tàng te neex. Lakkukaay Mbay bi tuuti na waaye set na wecc, te ànd ak xet gu neex giy bawoo ci mburu yu tàng yi. Mbay dafa fonk liggéeyam. Nit ñi tamit dañu bëgg mburu oom, te du ñu ko yamale ak leneen , waaye itam ndax dafa leen di dalal bu baax. Lakk-katu mburu bii di Mbay yemul rekk ci defar mburu dafa nekk ku am solo ci askan wi, di màndargaal njub ak laabiir. Moo tax, lakku kaay bi mu yor dafa nekk bérab bu ñépp di daje di waxtaan di féexal séen xol.

I. Laajte nemmeeku:

1. Woneel baatu “askan” ak “màndarga” ci jukki bi.
2. Mottaliil kàddu gii: (Lakk kaay Mbay bi tuuti na waaye)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Fan la lakk katu mburu bi dëkk ?
2. Kañ lay yeewu ngir defar mburu?
3. Lu tax nit ñi bëgg mburu Mbay ?
4. Ndax Mbay ci defar mburu rek la yemoon?

c. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

lakk-katu	woon.	la	mburu
mag	bu	mburoom	ñi
Nit	bëgg	dañu	tamit
rekk	mburu.	yemul	Mbay
ci	woon	defar	

a. Ma mottali

Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

yor - des - bu - lakku kaay - daje – xol.

Moo tax,bi mudafa..... barab..... ñépp didi féexal seen

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

- 1.Mbay dafa nekkoon ku am solo.
- 2.Mbay dafa nekkoon ku ñàkk solo.
- 3.Mbay amul woon solo

IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrdubaas, nettali benn lakk katu mburu boo xàmm.

XALE WARUL JOOY

Bu leen di laal sama doom
Bu leen ko laal,(bis)
Bu leen di laal sama doom
Bu leen ko . laal (bis)



Bu leen di laal sama doom, ay waay
Xale muumin la, ki warul jooy
Bu leen di laal sama doom
(bu leen ko laal (bis)



Bu leen di laal sama doom
Waaw, xalé muumin la ;
kii Warul jooy ,Xalé muumin la,
Eey Kii warul jooy
Xale muumin la, ay waay
Ma nee xale muumin la
Eey, kii warul jooy



Abdu jàañ moomin la, Eey !
Kii warul jooy
Xale moomin la, kii warul jooy
Sama doom muumin la Eey
Kii warul jooy . . .



Bu leen di laal sama doom, xale
muumin la ki warul jooy
bu leen di laal sama doom
bu leen ko laal (bis)
bu leen di laal sama doom
(bu) leen ko laal (bis)



Bu leen di laal sama doom
Bu leen ko laal (bis)
Bu leen di laal sama doom ,
Kii warul jooy
Bu leen di laal sama doom



Xalé muumin la, waaw
Kii warul jooy
Awa mbaay moomin la Eey
Kiiwarul jooy
Xalé moonin la, Ay waay
Kii warul jooy





XEW YI



Xew yi

XEW YI

MOOM SA RÉEW



At mu ne, sunu réew Mórítani dafay màggal bés bi mu moomee boppam. Ñaar fukki fan ak juróom ñatt (28) ci weeru Nowambar lay am. Takk der yi dina ñu génng wane seen bopp ci Nuwaksoot ak fépp ci biir réew mi.

Takk der yi ak ndongo yi daa ñu génng di maaj, bu juróom ñeenti waxtu jotee, njiitu réew mi daal di génng ñu tëggal ko bàkku réew mi, yékkati raaya ji. Su noppee mu déloo njukkël ay doomi réew mi yi ñu gëna ràññee ci at mi. Mu saafonte ak kélifa yépp balaa ñuy tas jotaay bi.

Ci biir réew mi yépp dina ñu fa amal ay po yu bare yu mel na rawante fas, gileem aki po yu wuute: takk bët, po wuum raaya ,rawante ...

I. Laajte nemmeeku:

- 1.Ndax baatu “Takk der” ak “saafonte” ci jukki bi
- 2.Mottaliil kàddu gii : (Su noppee mu njukkël ay doomi)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Ban bés la Moritani moom boppam?
2. Lu takk der yi ak ndongo yi di def?
3. Luñuy def ci biir réew mi yépp?
4. Lan la njiitu réew mi di def?

Xew yi

III. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

yi	ñu	Takk der	dina
seen	genn	bopp	wanne.
biir	yépp	Ci	po
mi	fa	dinañu	reew
amal	ay	ak	kélifa
safoonte	Mu	yépp	

IV. Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

moomee ,màggal , Moritani , sunu ,mu

Atne,réewdafaybés bi muboppam.

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

- 1.Ci wetu réew mi dina ñu ko fa amal .
- 2.Ci biir réew mi yépp dina ñu ko fa amal.
- 3.Ci bitim réew la ñu koy amal.

IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrdubaas, nettali bés bi ñuy fattaleku bés bi ñu moomee sunu réew.

XEW YI

KORI GI



Koor gi jeex na .kureel giy saytu weer wi wax na ñu ni weer wi feeñ na. Suba la kori gi .Njiitu réew mi daldi yékëti kàddu sargal réew mi yépp, ñaan yàlla nu fekke waat ko déwén.

Noona la yaay daldi joge tambali araw ak di wayal ngir waajal laaxu suba gi . Banu xëyee ba sangu, lekk laax, sol sunuy yéré yu rafet daldi dem julli ji. Imaam jité julli gi .Ganaaw loolu mu xutba jullit ñi fàttali leen seen diiné ak li war ci bés bi. Ba mu noppee ñu joxante loxo baalante àq daldi dem ñibbi .Ba ñu ańee ba noppi xalé yi dem ñaani ndéwanal

I. Laajte nemmeeku:

- 1.Ndax baatu “sargal” ak “ndéwanal” ci jkki bi
- 2.Mottaliil kàddu gii : (Ba ñu ańee ba noppi xalé.)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Tay la bésu lan ?
2. Ñan ñoo ko yéglé?
3. Lu ci njiitu réew mi def ?
4. Lunu def ganaaw ba Imaam xut baa?

kàddu

Njiitu

Xew yi

III. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

gi

na

Koor

jeex

réew

daldi

yékëti

mi

ndéwanal

dem

xalé

yi

ñaani

a Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

laax , araw ,Noona, daldi, wayal

.....la yaayjòg tambaliak dingir waajalsuba gi

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

- 1.Tay la kori gi. .
- 2.Suba la kori gi.
- 3.Suba du kori gi.

IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrdubaas, nettali bésu kori gi.

XEW YI

TABASKI WI



Tay la bésu tabaski nag, bés bi ñépp doon xaar. Ci suba teel la waa kër gi yépp yeewu. Góor ñi sangu na ñu sol séeni yéré yu rafet ngir dem julli ji ca bayaal bu mag ba. Jigéen ñi, ñoom, ñu ngi ci liggéeyu kër gi ngir waajal bés bi. Bi ñu jullée ba noppi, Imaam rendi na gàttam. Noona la góori dëkk bi dal di ñibbee seeni kër ngir defari séeni xar itam. Ganaaw loolu la jigéen ñi dal di jublu ci lakkum yàpp wi. Bi ñu añee ba noppi, ci ngoon si xale yi dem ñaani ndéwanal, waa kër gi di naan àttaaya ak njar yu neex.

I. Laajte nemmeeku:

1. Ndax baatu “sargal” ak “màggal” ci jukki bi
2. Mottaliil kàddu gii: (waa kër gi di naan àttaaya)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Tay bésu lan la ?
2. Lan la ñuy def ci bésu tabaski ?
3. Ñan ñooy dem julli ji ?
4. Jigéen ñi lan lañuy def ?
5. Lan la ñuy def ci ngoon si?

Xew yi

III. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

gàttam.

rendi

Imaam

na

yàpp wi.

daldi

lakk

jigeen

ci

jublu

ñi

ñaani

xalé

ndéwanal

yi

dem

a Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

sol – julli – sangu – rafet

Góor ñi..... Ñanu.....seéni yéré yu dem ji.

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

- 1.Góor ñi sangu nañu .
- 2.Góor ñi sanguwuñu.
- 3.Jggéen ñi sangu nañu.

IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrdubaas, nettali bésub tabaski gi

Xew yi

GÀMMU MAWLUUD



Ci fukk ak ñaareelu fan ci weeru Mawluud ci at mu jot dañu ciy mąggal guddi juddu yonent bi salla laahu aleyhi wa sallam. Guddi gu mągg la ci ąddina bi yępp. Fii ci sunu rėew di Mńritani, am na ñu koy mąggal ci guddi gi, am na ñeneen ñu koy mąggal ci bęccęg bi, ñi ci des di ko mąggal su bęs bi dellu see. Ca sunu dękk dañuy koy mąggal ci guddi. Dañuy jęnd ay gątt yu bare ray leen seddęle ko dękk bi yępp. Jiggęen ñi togg ay rėeri cere yu neex, ñu reer ba suur daldi dem gąmmu ga. Dañuy fanaan di jąng ak tagg yonent bi salla lahu alleyhi wa salem bay jant fęnk.

I. Laajte nemmeeku:

1. Ndax baatu "sargal" ak "mąggal" ci jukki bi
2. Mottaliil kąddu gi: (Ca sunu dękk dañuy)

II. Ma dęgg li jukki bi ęmb

a. Ma tontu

1. Ban bęs la guddi juddu yonent (slws)?
2. Nąnn laņu kay mąggale ci Moritani?
3. Sunu dękk nu ñu koy mąggale?
4. Lu ci jiggeen ñi di def?

XEW YI

III. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

yépp.	la	ci	màgg
gu	àddina	Guddi	bi
gàtt	jënd	Dañuy	ay
bare	yu	ñi	neex
réeri	togg	ay	yu
Jiggéen	cere		

a Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

ga., cere – réer – daldi – neex. dem

Jiggeen ñi..... defar ay réer yu nuba suur. daldigàmmu

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Guddi gu màgg la .
2. Guddi gi màggul.
3. Guddi gu mag la.


IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrduwaas, nettali bésuub gàmmu gi.

Po ak tàggat

PO AK TÀGGAT YARAM

LÀMB JI



làmb, bokk ci sunu cosaan, yemul ci nekk tàggat yaram kese; waaye dafay dekkal cosaan. Tàggat yaram bu maam yi daan def la, mingi juddoo ci cosaan ak aaday nit ku ñuul, dafay dajale ay junniy nit ñu bëgg bëre .

Laata ñuy bëre, mbër mu nekk, dafay def ay xeeti déebaadéeb yu yéeme ngir ñaan karaange ak ndam. Déebaadéeb ak bák yeeck fecc yi bokk nañu ci li gëna neexal làmb ji.

Lu weesu wàllu tàggat yaram, làmb dafay jàppale ndaw ñi ci wàllu askan ak koom. Ku am ndam ci joŋante gi , du xalis kese ngay am, waaye di nga am gëdd ak bayre.

I. Laajte nemmeeku:

- 1.Ndax baatu “sargal “Déebaadéeb” ak “joŋante” ci jukki bi
- 2.Mottaliil kàddu gii : (Laata ñuy bëre, mbër mu nekk,)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Luy làmb ?
2. Lu tax muy dekkal cosaan ?
3. Laata mbër yi di bëre lan lañuy def ?
4. Bu weesoo tàggat yaram ak lan la làmb ji di jariñ

Xew yi

III. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

yaram

bu

Taggat

daan

maam

yi

amal

la

cosaan

Dafay

dekkal

ñi

làmb

ndaw

jàppale

dafay

III. Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

askan , jàppale, làmb , wàllu

Lu weesutàggat yaram,dafayndaw ñi ci wàlluak koom.

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Làmb du dekkal cosaan. .
2. Làmb dafay dekkal cosaan. .
3. Làmb nekkul sunu cosaan..

IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrdubaas, nettali làmb joo fekke

Po ak tàggat

TABAX



Tabax liggéey la buy laaj nga defar ay jëmm, nga jëfandikoo ay mbir yu yomb lu ci melni ban wala sax palàtar. Jëf la ju ñoom maam daan def bay tey am na ay junniy at ci ginaaw, muy may ku nekk, moo xam nga doon xale wala mag, di nga ci wane sa gis-gis ci anam wu leer nàññ.

Sooy tabax, mën nga defar ay jëmmu nit wala baayima, yànjal leen ak yeneen mbir yu bari.

Liggéey boobu am na njariñ itam ci wàllu njàng ak paj. Dafay jàppale nit ki mu mën amal ay yëngu-yëngu, gën mën bàyyi xelam ci li muy def, ba noppi féexal xolam. Xale yi ñoo gëna bëgg fowe tabax ndax dina leen jàngal lu bari ci seen dëkkuwaay yu leen wër

I. Laajte nemmeeku:

1. Ndax baatu “sargal” ak “tambalee” ci jukki bi
2. Mottaliil kàddu gii : (Liggéey boobu amna njariñ itam,)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Luy tabax ?
2. Lan la ñuy tabaxe?
3. Luy njariñam ci xale yi?
4. Lu tax xale yi gën a bëgg tabax ?

Xew yi

III. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

bay

def

daan

maam

ñoom

ju

tey

la

Jëf

njariñ

amna

boobu

Liggéey

ki

Dafay

nit

jàppale

III. Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

féexal -muy - bàyyi -yëngu - mën -jàppale - ak - wàllu - njariñ - boobu

Liggéeyamnaitam cinjàngpaj. Dafay
.....nit ki muamal ay-yëngu, gën mënxelam ci li
.....def, ba noppixolam.

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Xale yi ñoo gëna bëgg fowe tabax
2. Xale yi ñoom bëgguñu fowe tabax. .
3. Xale yi bëggoon nañu fowe tabax

IV. Ma bind: (a -b-w- ë -ñ- à -c k)

Bindal kàddu gii ci sa kaye/àrdubaas, araf wi war.

Xale yioo g.....na bëgg fo.....e ta.....ax nd.....x dina leen j.....ngal lu bari
.....i seen dë.....kuwaay yu leen wër

PO AK TÀGGAT

PO WUUM RAAYA



Po wuum raaya bi, ñu faral di ko woowe "po wu daraapoo", po wu kuréel la bu neex te laaj ay peXe,. Kuréel gu nekk am na raaya am bi muy aar balaa muy jéema jël raaya beneen kuréel bi muy joŋantel yóbbu ko ci seen biir pégg. Bérab bi dañu koy xaaj ñaari pàcc, kuréel gu nekk moom benn pàcc. Joŋante kat yi dañu wara am xereñte, njaxlaf ak jukkoo ngir mëna jël raaya benneen kuréel gi te moytu tamit ñu jàpp leen yóbbu leen "kaso». Po la bu lay gën a ñaax ci liggéey jokkolante , am ay peXe ak ci tàggat sa yaram. Xale ak mag, ñépp mën nañu ko fowe. Yoon yi mën nañu wuute ci tannéefi joŋantekat yi, waaye mébet bi benn la: yóbbu raaya ñi ngay joŋanteel ngir jël ndam li.

I. Laajte nemmeeku:

- 1.Ndax baatu "joŋantekat" ak "tambalee" ci jukki bi
- 2.Mottaliil kàddu gii: (Jàmm daal bala nga kay am,)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Luy po wuum raaya ?
2. Nan la ñu koy defee?
3. Nan la joŋante kat yi wara mel ?
4. Ñan ñooy fo po mi ?

Xew yi

III. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

nekk

gu

Am na

Kuréel

raaya am

fowe

ko

nañu

mën

ñépp

mag

ak

Xale

wuute

nañu

mën

yi

Yoon

III. Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

pégg -jël - balaa - muy - raaya – nekk- beneen- jàmmarloo- seen

Kuréel gu amna am biaar muy jéema
raayakuréel bi muyyóbbu ko ci biir.....

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Mébet bi di na doon benn
2. Mébet bi benn la
3. Mébet bi du doon benn

IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrdubaas, nettali benneen po boo xam.

Po ak tàggat

FUTBAL



Bés bi xaley dëkk bi doon waajal agsi na. Tey la ñuy jonaante ak xaley Roosoo yi. Bale nañu pàkk bi ñuy fut bale bërki démb, dindi lépp luy gaañe ; samp nañu kà yi; rédd ci digg bi, Sàmp ci 4 koñ yi ay raaya .

Bi xaley Roosoo yi agsee, teertu nañu leen, dalal leen, xale yu jigéen ñi toggal léen céebu jën añ.

Bi waxtu wi jotee ñaari kippaangoo yi nëw nañu: ñii sol yéré yu baxa aki baxaja yu niroo am ay limat ci gannaaw yéré yi; ñeeneen ñi sol yu xonq aki baxaja yu niroo. Attekatu po mi ëf mbiib mi ñu daldi tàmbali po mi. Po mi xumb lool, xaley Roosoo yi dugal benn bal, nit yi tàccu. Xaley dëkk bi daj nañu lu nekk ngir dugal waaye sottiwul. Roosoo mujje jël ndam li ci benn bal ci dara. Népp bég.

I. Laajte nemmeeku:

1. Ndax baatu tàmbali ak xumb ci jkki bi
2. Mottaliil kàddu gii : (Bi waxtu wi jotee)

II. Ma dégg li jukki bi ëmb

a. Ma tontu

1. Luxew tay ?
2. Kan ak kan ?
3. Bi ñu agsee luñu leen defal ?
4. Yan melo la yéree yi nu sol am ?

Xew yi

III. Ma róofale

Jëfandikool baat yi ci tiket yi, nga defaraat kàddu gi ci sa kaye.

waajal

Xale yi

dëkk bi

Bés bi

ñëw na

doon

waxtu

wi

jotee

Bi

mujje

ndam

li

jël

Rooso

III. Ma mottali

a. Sottil ci sa kaye/àlluwa kàddu gi te mottali ko ak baat yi war.

waaye -ngir -nañu -Xaley -nit -benn -Rooso -xumb

Po milool, xaleyyi dugalbal,..... yi tàccu.dëkk bi dajlunedugalsottiwul.

b. Ma tànn

Bindal ci sa kaye/ àlluwa limu kàddu gi jub te dëppoo ak jukki bi.

1. Rooso mujje jël ndam li
2. Ndam demul ndam dikkul.
3. Rooso mujje wul jël ndam li

IV. Ma bind:

Bindal génn kàddu ci sa kaye/àrdubaas, nettali jon_ante futbol boo fekke

Jukki yi

Daara ji

Sunu daara ji, daara ju rëy la. Bari na lool ay ndongo. Am ci ñoom ñuy uuf àlluwa, am ci ñuy jàng téere. Am ci ñoom ñu wàcc ak ñu mokkal. Baara moom day beqi foo ko fekk ma ngay sot xalima teg daa ca wetam. Buy bind it mbind mu rafet lay bind. Akay ndaanaan!

Waaye buy sosi daa daf ciy man a taq lool. Daa ju far lay am nag; ndax daf ciy def daakaande di ko jamb bu baax. Móodu xarit bi nag mokkal na lool moom it waaye daa man a runge. Sàmba moom ab gëdd la du mokkal. Sëriñ bi daf koy dóor rekk waaye daa dërkiis. Xoolleen Bass jéng moom mbaam u daara mi day daw rekk waaye jéng bi du jóg ci tànk yi. Yágg na fi waaye mokkal agul. Waaye nak danoo meroo man ak moom, lijënti wu ma lijënti wu ma ko. Du ma tudd, du ma ko tudd.



Ci kàddu gi : Maam Jaara Ture



Jukka yi



Jukka yi

Jukki yi

Sama njaaxlee a ngi nii ana luy lii ?

Su nuy wuti nooy bokk bëgg-bëgg ba àgg fanu jëm.
Sunu amee , wuutey bëgg- bëgg, ne manum lëm....
Ana luy lii?



Su nuy julli bokk funuy jublu, ba julli jeex.
Su nu sëlmalee, feewaloo, ba jàmm jeex.
Ana luy lii?

Su nu dajee , ku ne bégal sa moroom.
Su nu xàjjaloo, ku ne mere, sa moroom.
Ana luy lii?



Kuy wax, nga waat ne , jullit a ngii.
Su jëfee, nga waat ne; yéefar a ngi.
Ana luy lii?

Sooy laaj ngir bëgg xam, kenn du wax.
Soo juume ngir ñàkk a xam, ku ne di wax.
Ana luy lii?



Soo sóoboo yoonu mbon ñépp ne patt.
Nga sóobu yoonu mbaax ñépp di futt.
Ana luy lii?

Xanaa lii mooy baax a ngi xar – xarle bay
bëgg daanu.
Mbaa mbon di xàqtaay, di tëb a ka daanu.
Ana luy lii?



Sëriñ Élbu Mamadu ndaw

Jukki yi

Fonk sab làkk

Nit ku nekk war na fonk aw làkkam
Xam ay lèj-lèjam ak peeg i sew- sew am
Tàggat ca làmmiñ am ba mën ko wax



Te du ca rax lu ca bokkal ba tax doo tul neex
Nde gis nga sax yax gu rax ci tibb boo sex
Mën a tax nga wiccax sa loxo te fëx
Seeti ñuy mocc ug yax



Koon dee ko wax te bu ca rax luy tax mu nëx
Jalax ja rax ca ndox a tax mu nëx ba maneesu ko naan
Raxasal sa bagaan te nangu a taataan
Di gëstu ay baataan, bul toog di seetaan
Ba noon yi reetaan

Rawaan jóob

Jukki yi

Mbokoo

Bismilaay nooy nuyooti.
Bismilaay noo ngi door.
Noo ngi door deeti yeete.



Tee nu jàppoo te bàyyi caaxaan te liggéey.
Tee nu jàppoo te bàyyi caaxaan te liggéey.
Tee nu jàppoo te bàyyi caaxaan te liggéey.



Jot sa réew jumtukaay la.
Jumtukaay boobu may la.
Féewaloo, loolu yées na.
Àndandoo, loolu baax na.



Defar réew tool bu yaa la.
Mbayum tool jóg ca teel.
Bokk doole ci waar wi.
Réew mu yees moom la laaj.



Sunu jekkee ba bañ yi reetaan
di na ñaaw.

Sunu jekkee ba bañ yi
reetaan di na ñaaw.

Sunu askan wi dekki.
Sunuy bañ bokk tiit.
Ku ci féew jar na fekki.



Ku ciy góor war na jiitu.
Kuy jiggéen war na fiitu.
Bokk nday bokk baay ee.
Moritani moo aye ee .



Tee nu jàppoo te bàyyi caaxaan te liggéey.
Tee nu jàppoo te bàyyi caaxaan te liggéey.
Tee nu jàppoo te bàyyi caaxaan te liggéey.



Jot sa réew yomb na.
Tee sa réew mooy li metti.
Doomi réew ànd war na.
Te liggéey mooy li sotti.



Jukki yi

Béy ak Bukki



Léeboon

Lippoön



Benn bés, Béy moo doon doxantu ba xelam nekk ci dem aji Màkka. Mu daje ak Bukki. Bukki ne ko : « Waaw, Béy foo jëm ? Mu ne ko : « Ren daal, dama fas yéene aji. » Bukki ne ko : « Yegsi nga, dox ba daje ak man, nga naan dangay aji ! Xam nga foo jëm ? » Béy ne ko : « Fu ma jëm ? » Bukki ne ko : « Ci sama gemmiñ gi, ci sama biir bi. » Leegi Béy ne ko : « Kon baax na, amuma doole te yow yaay boroom kàttan. » Béy nangu, ànd ak Bukki. Leegi Bukkee ngi seet fu lëndëm foo xam ne, bu ñu fa duggee, mu lekke ko fa. Ñu dem ba dugg ci benn suufu dédd bu lëndëm. Ba mu duggee ci biir nag, mu fekk fa Gaynde tëdd ak ñeenti doomam, doom yépp feebar. Leegi Gaynde ne Bukki : « Dama bëgg nga fajal ma sama doom yi. » Bukki ne ko : « Man mënnumaa faj, wànte Béy mii, moom, sèriñ la ndaxte ne na dafay aji Màkka ; kon xam na dara ci alquraan. Tee nga koo wax mu fajal la say doom ? » Gaynde ne : « Waaw, kon boog Béy leegi ndax mën nga maa fajal samay doom ? Mu ne ko : « Waaw. » Gaynde ne ko : « Noo leen di faje ? » Béy ne ko : « Soo amee deru Bukki bu tooy, ma faj ñeent ñépp. » Rekk Gaynde yëkkati paaka bi jox Bukki ne ko : « Daggal ma sa yeel. » Bukki xoos benn yeel bi jox Béy. Béy jël ko, fekk mu yor benn gambu lem, mu capp ko ci, jox benn doomu Gaynde. Kooka lekk rekk tàmbalee cëpp-cëppi, wér. Mu des ñett.

Leeral ay baat

Jëfandikoo : jariñoó.

Kàttan : doole.

Dédd : béreb boo xam ne ay garab yu am ay dég yu bare ñoo fa nekk

Gamb : Koog bu mag bu ñu xarul te di ci denc lem walla meew

Rawaan jóob

Jukki yi

Jàngoroy sibbiru

Jàngoroy sibbiru bi, yoo wu jigeen wu ñuy wooye anofel moo koy joxe. Sibbiru nag su la jàppee, dangay ànd ak yaram wu tàng, di gaaw a sonn, di waccu. Su ñu ko fajul ci teel, mën naa faat. Ci béreb yi nga xam ne ndox mi dafay faral di taa lu ëpp benn ayu-bés walla lu ko weesu, da nga fay gis ay doomi yoo yu ñuul yuy walax-walaxi. Doom yooyu ñooy màgg, di mätte, di joxe sibbiru. Ndaa yu amul kubeer ak pot yu ñu sànni te ndoxum taw nekk ci ñooy dëkkuwaayi yoo yi.

Ni nu war a def ngir xeex ak sibbiru mooy :

- suul bépp pot walla ndab lu yàqu ;

- sèkk taa-taa yi, di faral di tëj ndaa yi su nu ci paree ak di bay ñax mi wër kër yi su nu nekkee ci nawet.

Nit ku ne dafa war a fanaan ci sàнке bu ñu nàndal bés bu nekk, guddi gu nekk, ci at mépp. Wànte ku yég ne yaramam mu ngi tàng, di neg-negi, na dem kër doktoor bu ko gën a jege ñu seet ko.

Leeral ay baat

Anofel : yoo wu jigeen wuy joxe sibbiru.

Fagaru : jël say matukaay.

Neg-negi : yaram wuy daw

Jukki yi

Ñjariñal bind sunu làkk yi

Ku am tuuti ci seetlu, dinga gis ni, làkk wu mu mën a doon, ag màggam mu ngi aju ci mbindam. Su ñu ko bindul, dafay néew doole, di ñàkk solo ba far dee

Boroom xam-xam yu bari wax nañu ni ku bindul sa làkk di ko jëfandikoo, doo am naatange. Waaye nag, ngir loolu mën a am, fàww sunu njiit yi nekk ci nguur gi jàp-pale nu ci ; su ko defee, liggeey bi gën a yomb. Te sax am nanu yaakaar bu wér ni ñu ngi ci yooyu tànk. Loolu dina tax ba gone yi nekk ci daara yu ndaw yi gën a gaaw a dugal ci seen bopp li ñu leen di jàngal. Waaye, dina tax itam ba ku jàngul nasaraan mën a lijjanti ay soxlaam ci sutura ci làkk wi mu nàmp. Fi mu tollu, bari na ci doomi réew mi ak bitim réew ñu ci gëstu. Leegi, leer na

ñépp ni manees naa jàngale sunu làkk yi li tàmbalee ci daara yu ndaw yi ak yu mag yi ba far sax ca daara ja gën a mag ja muy iniwersite.



Jukki yi

Woy: Jàngi

Sama yaay, man yar na ma,
Sama baay, jàngal na ma.
Bi ma màggee man reccu wu ma ko
Xale yi dem leen jàngi
(bis)
(bis)
(bis)



Jàngi mooy li wòor
Jàngi mooy li wòor
Bi ma màggee reccu wu ma ko
Xalé yi dem leen jàngi

Sama yaay jàngal na ma,
Sama baay jàngal na ma
Bi ma màggee reccu wu ma ko
Xale yi dem leen jàngi



Réew mi ay ku fi jàngul
Moritani ay ku fi jàngul
Ay réew mi ay ku fi jàngul
Soo màggee di nga ka reccu

Xale yee dem leen jàngi
Sama yaay man ya na ma
Sama baay Jangal na ma
Bi ma màggee reccu wu na ko.



Jukki yi

Ponki Islaam

Yaw ci diine amuloo moroom
Yaw mi dëju ci xer yi juróom
Njalbéen ba di wéetal boroom
Ñaareel ba di julli yi juróom
Woor dafa war ci jullit bu ca jot
Asaka dafa war ci alal ju ko mat
War na it aji makka ku loxoom jot



Sëriñ Yelli Gay

Jukki yi

SUUF

Asamaan tooyal suuf, suuf bënn ñax
Nag lekk joxe soow ba joxe dax
Jaxaar soxlo dëkku waay gas pax
Garab dund ci kaw suuf ba dee max
Kenn du gis mer-am bay di dégg wax
Gileem fanaan ci kaw am di dox ngir ñax
Bu ci doon am weccit ñu ni moo tax
Waaye suuf ngor ak muñ la rax
Suuf dina mujje lepp ñey gaynde ba ci sax

t



Ibnu ndaw

Jukki yi

Daara ji

Sunu daara ji, daara ju rëy la. Bari na lool ay ndongo. Am ci ñoom ñuy uuf àlluwa, am ci ñuy jàng téere. Am ci ñoom ñu wàcc ak ñu mokkal. Baara moom day beqi foo ko fekk ma ngay sot xalima teg daa ca wetam. Buy bind it mbind mu rafet lay bind. Akay ndaanaan!

Waaye buy sosi daa daf ciy man a taq lool. Daa ju far lay am nag; ndax daf ciy def daakaande di ko jamb bu baax. Móodu xarit bi nag mokkal na lool moom it waaye daa man a runge. Sàmba moom ab gëdd la du mokkal. Sëriñ bi daf koy dóor rekk waaye daa dërkiis. Xoolleen Bass jéng moom mbaam u daara mi day daw rekk waaye jéng bi du jóg ci tànk yi. Yágg na fi waaye mokkal agul. Waaye nak danoo meroo man ak moom, lijënti wu ma lijënti wu ma ko. Du ma tudd, du ma ko tudd.



Ci kàddu gi : Maam Jaara Ture

Jukki yi

Doom sama

- 👤 Alalu jaambur bul sàcc
- 👤 Yemal ci loo moom rekk
- 👤 Lu la lewul bul lekk
- 👤 Lu mu metti- metti bul kàcc
- 👤 Waxal dëgg foo mēna nekk
- 👤 Ak lépp lu la ci mēna fekk
- 👤 Te fépp foo mēna nekk,
- 👤 Su wax ji baree neel tekk.
- 👤 Loo bokk bul jël lépp
- 👤 Di neenal askan wépp.
- 👤 Bul Jápp ni yaa moom lépp
- 👤 Bul yamale lépp ci yaw képp
- 👤 Bul foog ni yaa gën ñépp
- 👤 Bul yaakaar ni yaa xam, lépp
- 👤 Bul mel ni yaa raw ñépp
- 👤 Koon dalal ni askan wépp



Mandungu Mansóor Faal

Jukki yi

Kóllëreg Nit ak Garab

Amoon na fi, ca ndoortel jamano, kenn nit ak genn garab. Ñu daan ànd guddi ak bëccëg. Garab nak, ku bëggoon xaritam lawoon. Fu mu tollu, da ko daan ji terànga ju mat sëkk. Maanaam, di ko aar ci naaj wu tàng wi ak ngelaw lu metti li. Waaye nak, ci at yu néew rekk, mäggaayu garab dem ba jaaxal nit.

Mu ne « Waaw, kii di jëm kòw nii rekk ! Mbaa du lu bon la may fexeel ? Noonu, mu wor garab, dem nak wuti ku ko jox xalaat ci mbir moomule. Ci yoonam, mu gis safara suy lakk matt. Mu wax safara xalaat am. Safara nettali nit, lu gëna bon jëmale ko ci garab ngir bëgg a tàggale ñaari àndan-doo yooyu, ne ko : « Garab workat la. Garab ak ni mu gaaw a mägge noonu, bëggul lu dul su matee rekk, alag la. » « Déglul bu baax li ma lay wax. Yow, gannaaw amuloo sama kàttan, dama lay jox jaasi jii. Boo demee, nga gor ko, te boo noppee, nga may ma matt ma ! »

Ba mu ko defee, nit ñëw rekk ak jaaseem ju ñaw, song garab, dagg tànk ya ak loxo ya. Garab jaaxle, daldi saxi reen nak, taxaw ni jonn di ko xool, ba yàgg, mu ne ko : « Yow de nit, sama xarit nga woon démb tey sooga ñëw. Lii nag, metti na ma lool, waaye дума la ko jàppe ndax wóor na ma ni samab noon rekk nga taseel. Man nag, дума tàggoo mukk ak di la teral. Waaye nag, na nga xam ne foo ma soxlaa tee, yaa may fekksi ndax man kat, mëna-tumaa dox. »

AAA ! Saa waay nit itam xam ni def na lu ëpp, mu tàmbali nak di réccu jëfam. Ngir baña taqalikook xaritam, mu faf samp kër ca wetam ak car ya mu goroon. Ba ñu nekkaalee nak, ba mu yàgg, mu am lu xew. Garab tàmbali di meññ ay doom ngir dundal nit akug njabootam. Ba mu jógee foofa nit gën a ràññee nak njariñal garab. Tax fu mu dëkk, jëmbët fay garab te di leen toppatoo ngir wormaal leen.



IPELAN

